

**VARIASI BASA SAJRONE LAGU BASA JAWA
ANGGITANE ANDJAR ANY**

E-JOURNAL



UNESA
Universitas Negeri Surabaya

DENING:

ARISKA ANGGRAINI

13020114049

UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAN SASTRA DAERAH (JAWA)

2017

VARIASI BASA SAJRONE LAGU BASA JAWA ANGGITANE ANDJAR ANY

ARISKA ANGGRAINI

Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah
Fakultas Basa lan Seni
Universitas Negeri Surabaya

ariska13b@gmail.com

ABSTRAK

Ragam basa yaiku maneka warna variasi basa sing disebabake amarga anane panutur sing ora *homogen* lan amarga maneka warna *interaksi sosial* sing dilakoni (Chaer, 1995:81). Saka maneka warna panutur kuwi bakal nuwuhake wujud variasi basa lan nuwuhake wujud maneka warna dialek sajrone masyarakat. Panliten iki ngandharake wujud variasi basa sajrone lagu Jawa anggitane Andjar Any.

Panliten iki nggunakake metode deskriptif kualitatif. Dikumpulake kanthi cara maca lan nyatet larik-larik lagu nggunakake fonologi, morfologi, sintaksis, lan semantik lan sosiolinguistik sing selaras. Undheran panliten iki yaiku (1) Kepriye ragam basa sajrone lagu jawa anggitane Andjar Any ?, (2) Kepriye wujud basa rinengga sajrone lagu jawa anggitane Andjar Any ?.

Asil panliten iki yaiku ngandharake wujud wernane basa kang kaperang dadi wernane basa ngoko, basa krama, lan dialek, wernane basa Jawa- basa Indonesia, campuran basa Jawa-basa Inggris, wernane basa Jawa- basa Arab. Ing bab iki titi swara diperang dadi wujud pemendekan, panganggone vocal lan konsonan, wujud parikan. Saliyane kuwi panliten iki uga tinemu wujud alih kode lan campur kode. Bab basa rinengga tinemu wujud entar, bebasan, saroja, wangsalan, pepindhan, sanepa, lan candra.

Tembung wigati : lagu jawa, variasi basa, basa rinengga.

PURWAKA

LELANDHESAN PANLITEN

Basa ora uwal saka masyarakat mula ana istilah masyarakat *berbahasa*, duweni teges yaiku klompok manungsa kang duweni basa sing digawe bebarengan sajrone masyarakat kasebut, adhedhasar basa standart sing padha digunakake dening masyarakat lumrahe. Masyarakat uga ora uwal saka kabudayan kang ana ing sajrone masyarakat. Mula, masyarakat lan kabudayan ana sambungrapete sajrone basa. Basa bisa dipangribawani marang kabudayan sajrone masyarakat, saengga apa kang ana sajrone kabudayan bisa dadi kacabenggala lan bisa ngowahi pamikiran sajrone masyarakat kasebut.

Basa minangka piranti kanggo mujudake ekspresi jiwa manungsa. Wujud rasapangrasa, pamikiran, gagasan, lan kekarepan sing ana sajrone jiwane manungsa dituwuhake lumantar basa. Basa wujud ana loro yaiku basa lisan lan basa tulis. Basa lisan tuwuh merga pangucapane manungsa dene basa tulis tuwuh merga anane kekarepane manungsa nulis sajrone buku utawa bisa wujud tulisan endah kanthi duweni makna kayata geguritan lan lagu. Wujud saka ekspresi jiwa bisa kanthi cara nggawe lagu. Saka lagu bisa nuwuhake wujud komunikasi verba lumantar ukara sajrone lagu kasebut kanthi cara ngucapake kedal utawa obah lan mengamingkepe tutuk nalika nyayekake lagu. Lumrahe pangripta nalika ngripta lagu kanggo nggambarake rasapangrasane sing dirasakne dening penyanyine.

Saengga nalika diucapake nuwuhake wujud makna sing jero. Pangripta uga bisa nuwuhake rasapangrasane kanthi wujud lagu sing diripta, semana uga para ilmuwan nuwuhake rasapangrasane lumantar karya ilmiah. Lagu wujud ekspresi jiwane pangripta ateges reriptan manungsa wujud pamikiran sing jero, tuwuh saka lingkungan bebrayan ing sakiwatengene lan nggunakake basa sing endah. Basa sing endah mesthi ngemu sarana kaendahan, basa kang endah ora ateges basa sing angel. Sanajan mesthi akeh basa endah kang angel disurasa tegese. Pangripta ngripta lagu lumrahe ana sakiwatengene kadadeyan-kadadeyan utawa kasunyatan urip kang sabanjure diolah, didhapuk, lan dilarasake karo imajinasine pangripta, supaya bisa dadi wujud lagu kang bisa dinikmati dening pamireng. Wujud komunikasine pangripta kanggo wong liya lumantar lagu kang duweni teges utawa makna tartamtu kanggo nggambarake kahanan ana ing masyarakat.

Lagu jawa kang narik kawigaten kanggo diteliti yaiku lagu jawa anggitane Andjar Mujiono utawa misuwur kanthi asma Andjar Any. Andjar any miyos ing Ponorogo, 3 Maret 1936 lan wis kapundhut kersane Gusti ing Surakarta, 13 November 2003. Andjar any yaiku salah sijine pangripta lagu-lagu Jawa, sastrawan Jawa *modern* kayata cerkak lan geguritan, Andjar Any uga duwe jiwa seni sing nganti ngadekake kelompok campursari sangga buana lan *grub* keroncong Hanjaringat, lan uga wartawan sarta kritikus ing

Surakarta. Lagu Jawa kang wis diripta dening Andjar Any ditembangke dening Waldjajah yaiku langgam keroncong, uga Manthous lan Gesang. Mula saka penyanyi kasebut, langgam Jawa rikala kuwi kawentar nganti saiki kayata lagu kanthi irah-irahan *Nyidham Sari, Yen ing Tawang Ana Lintang, Jangkrik Genggong, Iki Weke Sapa* lan sabanjure. Andjar Any pawongan sing wis misuwur ana ing jagade lagu-lagu Jawa lan wis akeh ngripta lagu Jawa.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, mula panliten iki bakal ndhudhah lan njlentrehake bab wujud ragam basa lan ragam basa rinengga sajrone lagu-lagu Jawa anggitane Andjar Any. Panliti pengin mangerteni lan njlentrehake panganggone basa kanthi ndudhah ngenani wernane basa lan panganggone basa. Panliti nganalisis wujud ragam basa lan panganggone basa sajrone lagu-lagu Jawa anggitane Andjar Any. Amarga wujud tulisane lagu saemper marang geguritan, panliten iki nliti kanthi sudut pandang linguistik (Fonologi lan Morfologi) Dadi, panliten iki ora kalebu kesalahan ketik, lelewane basa, lan pangrakiting tembung kang nggawe lira-lirune swara kanggo nggayuh kaendahan basa.

UNDERANE PANLITEN

Adhedhasar lelandhesane panliten kang wis kaadharake mau, bisa dirumusake underane panliten kaya mangkene:

- (1) Kepriye ragam basa sajrone lagu Jawa anggitane Andjar Any ?
- (2) Kepriye wujud basa rinengga sajrone lagu Jawa anggitane Andjar Any ?

ANCASE PANLITEN

Adhedhasar underane panliten mau bisa didudut tujuwan panliten kaya mangkene:

- (1) Ngandharake ragam basa sajrone lagu Jawa anggitane Andjar Any.
- (2) Ngandharake wujud basa rinengga sajrone lagu Jawa anggitane Andjar Any.

PAEDAHE PANLITEN

Asil panliten iki dikarepake bisa awèh guna tumrap pangrembakane ilmu basa Jawa mligine bidhang sosiolinguistik sing wis ana sadurunge. Panliten ngenani variasi basa utawa ragam basa ing lagu Jawa iki diajab bisa nyampurnakake panliten panganggone basa mligine wujud ragam basa lan ditemokake anane wujud basa rinengga sajrone panliten sing wis ana.

1. Paedah teoritis

Kanthi cara teoritis panliten iki uga dikarepake bisa kanggo ngembangake materi pasinaon sosiolinguistik ing jurusan basa Jawa ing pawiyatan luhur. Kejaba saka kuwi, panliten iki bisa kanggo ngembangake materi piwulangan basa Jawa ing sekolahan ngenani variasi basa.

2. Paedah Praktis

- (1) Kanggo pendhidhikan, panliten iki bisa dadi piwulangan lan kanggo medhia *informasi* babagan

panganggone basa mligine ngenani Variasi basa saengga bisa dadi acuan kanggo guru ing sekolahan tumrap piwulangan Basa Jawa, panliten iki diajab supaya bisa nambahi wawasan lan kawruh luwih jero ngenani karya sastra basa Jawa mligine ing babagan panganggone basa.

- (2) Kanggo panliten lan pamaos, kanggo nambahi wawasan lan pangerten ngenani variasi basa utawa raga m basa sajrone lagu Jawa anggitane Andjar Any lan uga dikarepake bisa kanggo ngembangake materi pasinaon ing panliten sabanjure.

PANJLENTREHAN TETEMBUGAN

Kanggo mangerteni tetembungan ing panliten iki lan supaya ora kliru anggong ngerteni tetembungan kang digunakake ing panliten iki, mula perlu diandharake tetembungan kang digunakake.

- (1) **Ragam Basa.** Maneka warna variasi basa sing disebabake amarga anane penutur sing ora *homogen* lan amarga maneka warna *interaksi sosial* sing dilakoni (Chaer, 1995:81)
- (2) **Alih Kode.** Alih kode yaiku prastawa nggunakake Alih kode sawenehing kahanan kang ngadharake anane owah-owahan basa kang digunakake dening pamicara saka basa siji marang basa liyané kanthi watesan saklausa utawa saukara.
- (3) **Campur Kode.** Campur kode minangka wujud panganggone rong basa utawa luwih kanthi nuwuhake unsur-unsur basa siji menyang basa liyane ing saklausa lan kanthi kawatesan tembung utawa gatra (Kachru lan Thelander ing Basir, 2010:79)
- (4) **Basa Rinengga.** Basa rinengga uga diarani basa pajangan, basa pacakan, utawa basa bregasan. Basa rinengga ngemu surasa kaendahan, kaendahan-kaendahaning basa. (Padmosoekoetja, 1985:96)
- (5) **Lagu** wujud ekspresi jiwane pangripta ateges reriptan manungsa wujud pamikiran sing jero, tuwuh saka lingkungan bebrayan ing sakiwatengene lan nggunakake basa kanggo komunikasi marang wong liya. Salah sijine asile pangripta arupa susunan utawa reroconing tembung kang duweni ancas kanggo nuwuhake suwasana tartamtu kanggo pamireng.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Lagu

Lagu utawa musik yaiku asile karya musik wujud lagu utawa *komposisi musik*, sing nggunakake pangrasa kanggo ngripta lumantar unsur-unsur musik yaiku *irama, melodi, harmoni*, wujud utawa struktur lagu lan *ekspresi* minangka pambentuk (Jamalus, 1988:1). Lagu uga diarani tembang (*seni suara*), seni yaiku sakabehe cipta rasaning manungsa sing endah, elok, merdu, kang bisa nresepake ati (Prawirodisastra, 1976:4).

Ragam Basa

Ragam basa yaiku varian sawijining basa miturut panganggone. Variasi kasebut bisa awujud dialek, aksen, laras, gaya, utawa maneka werna variasi sosiolinguistik liyane, kalebu variasi basa baku iku dhewe. Variasi ing tingkat leksikon kayata slang lan argot kerep dianggep gegayutan karo gaya utawa tingkat formalitas tartamtu, sanajan panganggone kadhang-kadhang uga dianggep minangka sawijining variasi utawa ragam basa.

Miturut panganggone, ragam basa bisa kaperang dadi loro, yaiku wernane basa lisan lan wernane basa tulis. Wernane basa lisan yaiku wernane basa kang digunakake kanthi cara guneman utawa pitutur, dene wernane basa tulis yaiku wernane basa kang digunakake kanthi cara nulis. Miturut Chaer (2004:82) ngandharake wernane basa yen disawang saka panganggone bisa kaperang dadi papat yaiku: (1) idiolek, (2) dialek, (3) kronolek, lan (4) sosiolek. Flak lan platt (Sajrone Basir, 2010:51) menahi kategori anane dialek regional lan sosial utawa sosiolek.

Sajrone basa Jawa wujud sosiolek yaiku unggah-ungguh basa utawa undha-ususk basa kang dumadi merga ana wernane Budaya Jawa. adhedhasar saka anane undha-usuk basa yaiku wujud status sosial pawongan sing diajak guneman. Miturut Sasangka (2011:101) ragam basa adhedhasar unggah-ungguh kaperang dadi ragam basa ngoko, lan ragam basa krama, lan ragam basa madya.

Titi Swara (Fonologi)

Fonologi utawa ing basa jawa diarani widyaswara yaiku ilmu kang ngrembug ngenaniswara. Sasangka (2011:1) ngandhareake swara kang dirembug widyaswara iku swara kang ana tegese, dudu swara kang ora ana tegese. Dadi cethane widyaswara kuwi ngrembug swara-swara kang mbedakake wujud lan mbedakake teges (distingtif). Struktur swara basa, bidhange diarani “fonetik” lan “fonologi”. Fonetik yaiku minangka dhasare ilmulinguistik kang ngrembug ngenani swara-swara basa (Verharr, 2004:19). Panganggone basa sajrone panliten iki yaiku ngenani panulise vocal Basa Jawa yaiku anane Vocal /ɔ / , vocal /i/, Vocal /u/, Vocal /e/, Vocal /o/, Vocal /ə/.

Titi Tembung (Morfologi)

Morfologi utawa ilmu bab tembung ngemu teges ilmu kang ngrembug bab tembung kang wujud saka satuwan lingual terkecil sajrone ukara (Wedhawati, 2006:37). Tembung iku rerangkene swara kangkawedhar saka jrone tutuk kang ngemu teges lankasumurupan surasane. Widyatembung utawa babetembung iku kalebu sempalane paramasastra kangngrembug lan nyinau bab tembung, lan owahesawijine tembung liya karena kawuwuhan imbuhan (afiksasi), karangkep (reduplikasi), utawa kacambor. Tembung yaiku satuwan *lingual terkecil* sajrone tata ukara (Wedhawati, 2006:37). Tembung ing basa Jawa diperang dadi 4 yaiku tembung lingga,

tembung andhahan, tembung rangkep, lan tembung camboran.

Tembung Cekakan

Cekakan yaiku *proses penanggalan* saka bagiyany-bagiyany leksem utawa gabungan leksem saengga wujud cekak, nanging ora ngowahi makna asline (Abdul chaer, 1994:191). Asil saka cekakan kasebut lumrahe diperang dadi akronim, wacahan, garba lan plutan. Kang dimaksud wacahan yaiku nyekakake siji utawa loro cacache wanda kapisan saka wujud tembung kasebut.

Alih Kode

Alih kode yaiku prastawa nggunakake sawenehing kahanan kang ngadharake anane owah-owahan basa kang digunakake dening pamicara saka basa siji marang basa liyané kanthi watesan saklausa utawa saukara. Sajrone alih kode yaiku anane owahane kahanan situwasi saka wujud komunikasi. Alih kode ora mung sawetase owah basa siji marang basa liyane, nanging uga owah antarane varian basa, antar ragam, antar register, lan antar dialek, lan lelewane basa (Basir, 2010:76).

Campur Kode

Campur Kode saemper marang alih kode merga kalorone padha ngunakake rong basa utawa luwih, utawa rong varian sajrone tuturan naganing kalorone sejatine bedha. Miturut Basir (2010: 78) alih kode luwih nengenake saka fungsine konteks lan relvansi situwasi minangka titikan. Thelandher (sajrone Chaer, 1995) mbedakake alih kode lan campur kode, alih kode prastawa tutur, ana kadadean malihe saka klausa sawiji basa marang basa liya, yen campur kode klausa-klausa lan frase-frase sing digunakae saka klausa lan frase campuran lan uga klausa lan frase kasebut ora ndukung fungsi dhewe-dhewe.

Basa Rinengga

Miturut Padmoesokotjo (1956:68) rinengga ateges pinacak, pinajang, kinarawista, perlune supaya endah, bregas, ngengreng, ngresepake, basa rinengga yaiku basa kang dipacaki, basa kang dipaesi, basa kang digawe bregas. Basa kang endah ora ateges basa sing angel, sanajan basa endah kang angel disurasani.

Parikan

Parikan unen – unen kang dumadi saka rong ukara. Ukara sepisanan kanggo narik kawigaten, lan ukara kapindho minangka wose (isi). Parikan iku kaya pantun nanging mung rong larik, parikan migunakake purwakanthi guru swara. Paugeran utawa pathokane parikan Cacahing wanda kapisan, kudu padha karo ukara kapindho. Ukara sing ngarep kanggo bebuka dene ukara sabanjure minangka isi, wos. Tibaning ukara kang kapisan kudu padha karo ukara sing kapindho. Parikan bisa dumadi saka rong gatra utawa patang gatra.

METODHE PANLITEN

Rancangan Panliten

Panliti nggunakake panliten kualitatif merga adhedasar panliten iki nggunakake dhata kanthi wujud tetembungan lan ukara sing dijlentrehake kanthi cara teges sing satemene tanpa ngilangi konteks dhata sing ana sajrone dhata sing bakal dijlentrehake tanpa ngilangi teges sing wis ana sajrone lagu kang wujud tetembungan lan ukara sing ngandhut ragam basa, alih kode, campur kode lan basa rinengga sajrone lagu Jawa Anggitane Andjar Any.

Sesambungan karo ancas saka panliten iki, yaiku nganalisis ragam basa lan basa rinengga, saengga titingan kang digunakake sajrone panliten iki yaiku sosiolinguistik. Metode panliten minangka cara sistematis kang dipilih kanggo panliten kanthi cara nimbang-nimbang wujud, isi, lan sipate, minangka objek kang ditingangi. Anggane milih sawijine metode iku kudu nyelarake karo bab sing bakal diteliti.

Sumber Dhata

Sumber dhata minangka sumber kang dibutuhake dening panliti kanggo njupuk dhata. Anane dhata dhasar kang digunakake sajrone panliten iki dijupuk saka antologi karya Andjar Any. Miturut Sunarto (2001:28) kajian pustaka sumber dhata kayata kang wujud dokumen (film, video, lan informasi kang diolah saka internet), jurnal, buku-buku, majalah, ilmiah, lan maneka publikasi kang wis didokumentasakake iku kalebu panliten pustaka, mula panliten iki kalebu panliten pustaka merga dhatane arupa wujud dhata saka kumpulan lagu karya Andjar Any. Dhata kasebut banjur diolah lan dianalisis.

Dhata

Dhata dhasar kang digunakake sajrone panliten iki yaiku dhata-dhata arupa lirik lagu anggitane Andjar Any. Dhata panliten iki yaiku frasa, tembung, lan ukara sing ngandhut wernane basa kanthi anane wujud basa pamilihing tembung sajrone lagu Basa Jawa anggitane Andjar any, uga sing ngandhut alih kode lan campur kode.

INSTRUMEN PANLITEN

Panliti dadi instrumen utama amarga panliti kang nggolek dhata, nganalisis dhata, lan nulis panliten iki. Dene instrumen panyengkuyung ing panliten iki awujud piranti kang bisa nyengkuyung anggone panliti nglumpukake dhata. Piranti kuwi awujud cathetan lan piranti kanggo nyathet utawa menahi tandha tumrap dhata.

Panliten *kualitatif*, panliti tumindak minangka instrumen utama amarga panliti iki minangka pawongan kang nggolek lan njlentrehake dhata. Dene piranti panyengkuyung kang digunakake tumrap panliten iki antarane: (1) lagu basa jawa anggitane Andjar Any (2) Buku catetat, (2) Leptop kanggo nulis asile panliten.

TATA CARA NGLUMPUKAKE DHATA

Tata cara nglumpukake dhata ing panliten iki yaiku kanthi cara nggunakake metode maca lan nyatet. Teknik maca bebas iki yaiku cara nglumpukake dhata sing ditindhakake kanthi cara menahi tandha panggunane basa tanpa ngowahi utawa nambahi sajrone proses maca, Ing teknik iki panliten ora bakal ngowahi utawa nambahi kanthi cara langsung kanggo nemukake dhata, panliti minangka *pemerhati* tumrap calon dhata sing kabentuk lan tuwuh saka prastawa kebahasaan sing ana ing sajabane dhiri panulis (Sudaryanto sajrone Kesuma, 2007:44).

Teknik pamacan yaiku teknik maca kanggo nglumpukake dhata. Tata cara kang digunakake kanggo nglumpukake dhata yaiku :

- (1) Maca larik-larik lagu kang ana ing sajrone kumpulan lirik lagu Andjar Any. Nglumpukake dhata iki kanthi cara wujud kapustakan.
- (2) Menahi tandha tembung-tembung utawa ukara-ukara sing ngandhut wernane basa lan wujud basa rinengga kaya kang dikarepake panliti.
- (3) Nyathet dhata-dhata kang sadurunge wis diwenehi tandha.
- (4) Nindakake pamilih dhata kang nduweni ancas yaiku njupuk dhata kang dianggep slaras klawan panliten kang ditindakake.
- (5) Dhata kang wus dipilih banjur dipilah-pilah miturut kebutuhan panliten.

TATA CARA NJLENTREHAKE DHATA

Panliti njlentrehake dhata tumrap titingan kapustakan. Njlentrehake dhata sajrone panliti iki ditindhakake kanthi cara :

- 1) Nyocokake asile maca tumrap nyatet asile dhata.
- 2) Maca dhata, kagiyatan maca objek ora mung dilakoni sepisan wae, nanging dibolan-baleni nganti tujuwan panliti bisa digayuh.
- 3) Dhata diperang dadi rong klompok. Klompok kapisan yaiku dhata kanggegayutan klawan wujud ragam basa lan dhata kapindho wujud basa rinengga.
- 4) Data kang wis diperang banjur dijlentrehake nggunakake variasi basa kang wujud maneka warna.
- 5) Nyusun lan ndudut asile analisis.
- 6) Nglaporake asile analisis.

TATA CARA NYUGUHAKE ASIL JLENTREHAN DHATA

.Dhata disuguhake kanthi cara deskripsi yaiku nggunakake tembung-tembung katulis tanpa nggunakake angka utawa rumus. Asile panliten iki ditulis sawise panliti nglumpukake lan ngolah dhata, asiling panliten iki kaperang dadi lima, yaiku: BAB I PURWAKA, BAB II TINTINGAN KAPUSTAKAN, BAB III METODE PANLITEN, BAB IV ANDHARAN, BAB V PANUTUP.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Ragam Basa

Wernane basa kang dienggo sajrone lagu jawa anggitane Andjar Any iki yaiku ana : (1) wernane basa

ngoko, (2) wernane basa krama, (3) wernane basa dialek, (4) wernane basa jawa-Indonesia, (5) wernane basa Jawa- Arab, (6) wernane basa Jawa-inggris.

Ragam Basa Ngoko

Saka dhata kang kajupuk sajrone lagu jawa anggitane Andjar Any iki akeh reriptane nganggo basa ngoko. Wernane basa ngoko ana ing lagu jawa anggitane Andjar Any iki kaperang dadi loro yaiku basa ngoko lugu lan basa ngoko alus. Ragam ngoko minangka ragam basa kang paling onjo. Pangripta duweni tujuwan supaya lagu kang bisa disampekake bisa katrima dening wong liya merga saka basa ngoko bisa nuwuhake rumaketan

Ragam Basa Ngoko Lugu

Wernane basa ngoko lugu Lumrahe wernane basa ngoko dienggo marang wong sing duweni umur lan *status sosial* sing padha. Ananging uga ora tamtu kaya mangkono. Basa ngoko dienggo nalika lagu jawa ana ing kahanan kang ora resmi, saka pawongan kang luwih tuwa marang kang luwih enom, utawa kanggo sapa-sapa. Sajrone wernane basa ngoko digunakake dening Bapak maraming anake utawa Ibu marang anake. Kaya ing dhata (1) :

- (1) Yen ing tawang ana lintang
Cah ayu, aku ngenteni tekamu
Marang mega ing angkasa nimas
Sun takokke pawartamu (YIT. Pd 1. Gt 1-4)

Saka perangan dhata (1) kanthi irah-irahan *Yen ing Tawang Ana Lintang* minangka ngudha rasane wong sing lagi kangen marang sisihane, Mula saka iku lirik lagu jawa kasebut nggunakake wernane basa ngoko lugu. Pawongan kang lagi kapang banjur takon pawartane wong sing lagi ditresnani sing ora nate menahi kabar. Saka cuplikan gatra (1) uga nggambarake kahanan wengi merga dijlentrehake ana tembung ing tawang ana lintang, pangripta ngandharake kahanan sajrone lagu iki kadadeyan ing wayah dalu utawa wengi.

- (2) Prasadat kaya sewindu
Ngantu-antu ngenteni tekamu
Bedha duk ngrakit asmara
Nadyan meh rahina (PR. Pd 3 Gt 1-4)

Dhata (2) kanthi irah-irahan *Panjer Rina* minangka tuturan marang wong enom sing ditresnani, dadi ora kudu diajani lan bisa uga wong kang lagi dikangeni kuwi wis akrab. Dhata (2) negeesake minangka pawongan kang lagi kangen dibuktikna ana ing tembung *ngenteni tekamu*.

Ragam Basa Ngoko Alus

Wernane basa ngoko alus yaiku kang dimaksud mujudake wujud unggah-ungguh ing jerone ora mung dumadi saka *leksikon* ngoko lan netral wae, nanging uga dumadi saka leksikon, krama inggil, krama andhap, lan krama. Wujud kanthi nggunakake tembung-tembung basa ngoko, dicampur tembung-tembung krama inggil sawatara. Wujud wernane basa ngoko alus bisa dideleng ing cuplikan ing ngisor iki:

- (3) Mbakyu mbakyu sampean mriki kula tumbasi
(E,JMN. Pd 1 Gt 2)
- (4) Manga-mangga sing pait napa sing legi
(E,JMN. Kc 100. Pd 1 Gt. 3)
- (5) Mbakyu-mbakyu tambah malih cabene puyang
(E,JMN. Pd 2. Gt 2)

Dhata (2) lahu kanthi irah-irahan *Weke Sapa* tinemu wernane basa ngoko alus katitik ana leksikon krama yaiku tembung *kula*. Pangripta nggunakake wernane basa ngoko alus merga wujud komunikasi marang wong sing padha ngajeni. Tembung krama sing ana digunakake kanggo awah pakurmatan marang wong sing lagi kenal. Dhata (3) lan (4) uga kaya mangkono lagu kanthi irah-irahan *Weke Sapa* iki tinemu wernane basa ngoko alus katitik anane leksikon krama yaiku tembung *Mangga* ing dhata (4) kang tegese nyumanggakake klawan wong liya sing lagi kenal uga. Dhata (5) ngandharake leksikon *malih* kang awujud nyuwun samubarang marang sing diajak ngomong merga isih lagi kenal kaya dene wong sing tuku marang sing bakulan. Mula lagu kanthi irah-irahan *Weke Sapa* iki akeh tinemu wernane basa ngoko alus.

Ragam Basa Krama

Wernane basa krama digunakake kanggo cecaturan klawan wong kang luwih tuwa utawa kang dihormati. Wernane basa krama tinemu ing lagu jawa anggitane Andjar Any kaperang dadi loro yaiku krama lugu lan krama alus.

Krama Lugu

Tetembungan lugu sajrone krama lugu ora padha karo istilah lugu ing ngoko lugu. Teges lugu sajrone nduweni makna anane leksikon sajrone unggah-ungguh basa kasebut kabeh arupa ngoko. Dene sajrone krama lugu dudu sekabehe tembung kalebu wernane basa krama nanging uga ana wernane basa ngoko, netral, madya lan ditambah leksikon krama inggil utawa andhap. Nanging kang kalebu leksikon krama lugu yaiku ngoko, madya lan netral dene krama inggil mung digawe kanggo ngormati mitra tutur (Sasangka, 2010: 112). Bisa dimangerteni yen krama lugu minangka basa krama kang kadar klausane asor dhewe. Wujud bisa dideleng ing ngisor iki:

- (6) Gemes tenan, yen ngendika astane melu kluyuran
(GMS. Pd 1. Gt 3)

Dhata (6) lagu kanthi irah-irahan *Gemes* tinemu basa krama lugu, merga ana leksikon ngoko ing tembung *Yen*. Dhata ing dhuwur ngandharake wong lagi kasmaran merga ana ing crita lagu wujud komunikasi antaraning sisihane yen lagi kangen. Wujud basa krama lugu digunakake kanggo wong sing sadrajat nanging padha ngajeni.

- (7) Daksesuwun mugi enggal enjang
Kadheseg ati sing kapang
(PR. Pada 1. Gt 3-4)

Dhata (7) kayadene dhata ing dhuwur ngandharake menawa basa krama lugu kanggo wong sing lagi diajani nanging isih sadrajat lan ora nemen bab aluse. Pethilan ing dhuwur ngandharake wong kang lagi kapang marang siishane mula uga anane basa krama lugu sing digunakake lan ora kabeh tembung nganggo basa krama.

Krama Alus

Ragam basa krama alus digunakake kanggo cecaturan klawan wong kang luwih tuwa utawa kang dihormati. Wernane basa krama alus sajrone lagu jawa anggitane Andjar Any. Kaya ana ing pethikan ing ngisor iki :

- (8) Sampun dangu yen kula ngentosi
(JG. Pd 1 Gt 2)

Dhata (8) perangan basa jawa iki nggunakake basa sing luwih alus lan ngajeni, wujud basa ing pethilan ing dhuwur kacampuran tembung krama inggil. Dene tembung sing perlu dikramakke yaiku : wonge, tumindake, lan barang kang dadi duweke. Pethilan kasebut ngandharake pawongan kang ngajeni banget, merga diripta minangka ngudarasae sisihan (bojo) marang bojone, mula saka ragam basane bisa kadudut basa ing dhata (8) ngandharake jinis basa krama alus.

Ragam Basa Dialek

Ragam basa dialek yaiku dialek sing dienggo masarakat sing urip ing tlatah sing dienggoni. Ing panliten iki ditemukake dialek Yogya-Solo utawa surakartan, dialek Suroboyoan, lan uga dialek betawi nanging sing paling anja yaiku dialek Yogya-Solo.

Dialek Solo-Yogya

dialek soloan kang paling anja ditemokake ing sajrone lagu jawa anggitane Andjar Any iki merga panjenengane uga miyos ing Ponorogo lan dumunung ing tlatah Surakarta. *Dialek* Soloan kang tinemu sajrone lagu jawa anggitane Andjar Any bisa dideleng kaya ing ngisor iki :

- (9) Dhadha dadhane dioperasi janji karep banget
blenjani
(IMT. Pd 4 Gt 3)
- (10) Suwe ora pethuk ati sida remuk
Kepethuk **mung** suwarane
(JG. Pd 1 Gt 6)
- (11) Apa tenan mas ngendikanmu
Yen guyonan **aja seru-seru**
(E,JMN. Pd 4 Gt 6)

Dhata (9) (10) lan (11) bisa diweruhi anane wernane basa *dialek* surakartan. Saka dhata kasebut bisa weruhi merga anane basa khas sing lumrahe diucapake dening wong dhaerah mligini Surakarta, Solo, Pacitan, Ponorogo lan sapanunggalane. wernane basa Jawa Surakartan kan tinulis kandel yaiku blenjani, mung, aja seru-seru, nesu. Tembung kasebut duweni teges sing padha marang :

- Blenjani → *Berbohong*
Mung → *Hanya*
Aja seru-seru → *Jangan keras-*

keras *Dialek* Surakartan sing ditemokake sajrone lagu Jawa anggitane Andjar Any iki kalebu sing kerep

ditemoni. Wernane basa surakartan dipilih merga pangripta asale saka Surakartan, mula anggone ngripta nganggo dialek Surakartan. Basa Jawa duweni jinis wernane basa sing maneka warna, saben dhaerah nduwe titikan kang bedha nanging teges utawa maksde padha.

Dialek Surabayaan

Sajrone lagu jawa anggitane Andjar Any iki uga ditemukake *dialek* surabayan, nanging ora anja. *Dialek* surabayan yaiku dialek sing digunakake masarakat ing tlatah surabayan. *Dialek* surabayan ngrembaka lan digunakake ing masarakat Surabaya lan sakiwatengene kayadene ing tlatah Gresik, Lamongan, Mojokerto. Dideleng kanthi cara structural dialek iki minangka dialek sing kasar, nanging masarakat sing urip ing tlatah Surabaya uga isih ngunakake basa sing alus senajan ora sealus Basa Surakarta-Yogyakarta. *Dialek* Surabayan kan tinemu sajrone lagu jawa anggitane Andjar Any ana ing ngisor iki :

- (12) Gudhege mas campur **iwak pitik**
(GA. Pd 2. Gt 1)

Dhata (12) bisa diweruhi anane basa *dialek* surabayaan. Wernane basa *dialek* suroboyoan ditulis kandel yaiku *iwak pitik*. Basa *dialek* suroboyoan dirasa duweni basa sing kasar lan bedha kaya *dialek* Jogya-Solo sing duweni basa utawa pangucap sing alus. Saka kaloro tembung kang dicetak kandel duweni basa khas *dialek* surabayaan kang duweni titikan sing bedha yaiku kang duweni basa standart basa Jawa yaiku :

Iwak pitik → Lawuh pitik (basa Jawa standart)

Dhata tembung kang tinemu sajrone lirik lagu basa Jawa anggitane Andjar Any iki duweni basa *dialek* mligine ing tlatah Surabaya. Iwak tegese *ikan* (basa Indonesia) mula lumrahe *dialek* Surabayan duweni titikane dhewe.

- (13) Sogok wae oleh-oleh bakmine godhog,
ibu dhahar kowe bebas leh main **cipog**
(SGK. Pd 2. Gt 6)

Dhata (13) wernane *dialek* Suroboyoan kasar kalebu wernane basa ngoko lugu kang dianggep rada kasar lan saru yen digawe cecaturan. Ngoko kasar uga tinemu ing lagu jawa anggitane Andjar Any yaiku ana tembung **cipog**, tembung cipog ing lagu jawa irah-irahan Sogok iki ngandharake wong yen lagi tumindhak nyogok marang wong liya lumantar bakmi godhog, ngandharake jaman saiki akeh pawongan sing senengane nyogok supaya dilancarna kekarepane. Cipog duweni teges *berciuman* lambe marang lambe, mula tegese rada saru lan dianggeb kasar.

Dialek Betawi

Panliti uga nemokake *dialek* betawi sajrone lagu jawa anggitane Andjar Any, wis disumurupi menawa *dialek* betawi yaiku asale saka DKI Jakarta lan

digunakake dening masyarakat suku Betawi lan ngrembaka ing tlatah Jakarta lan sakiwatengene.

- (14) Nadyan lagi **bokek** nekad ngutang nretek-nretek
(WS. Pd 1 Gt 3)

Dhata (14) ing dhuwur wernane basa *dialek* betawi sing diweruhi minangka basa *gaul*, basa sing ajeg digawe karo masyarakat ing dhaerah Jakarta yaiku asale saka suku Betawi. Tembung *bokeking* dhuwur duweni teges ora nduwe dhuwit nanging pangripta nggawe tembung bokek diajab supaya jangkepi dong dinge swara lagu lan jangkepi cacah wanda supaya trep nalika dinyanyikake, mula pangripta nganggo tembung bokek ing sajrone lagu kang irah-irahan *Weke Sapa*.

- (15) Kae manuk jalak banyu
Lingsir wengi ngoceh njaluk banyu
Alah ombenana
Jare bakal ntuk **lotre** sayuta
(MM. Pd 4. Gt 4)

Dhata (15) lagu kanthi irah-irahan *Manuk-manuk* diweruhi anane wernane basa *dialek* betawi yaiku lotre, kang duweni teges oleh dhuwit merga antuk *hadiah* bisa antuk untung sing gedhe (<https://kbbi.web.id/lotre> , dideleng tanggal 1 september 2017). Lotre ing kene ditegesake manuk sing dirumat bakal duweni lotre.

Ragam Basa Jawa-Indonesia

Saben pawongan mesthi nggunakke basa Indonesia nalika pacaturan, senajan ora mung digunakake sabendina nanging uga saben pawongan bisa nggunakake basa Indonesia kaya dene Andjar Any sing kasuhur minangka tau dadi wartawan ing Koran lokal *Pos Kita* mula ora asing lan nguwasani padha karo basa Jawa. Wernane basa campuran, yaiku panganggone rong basa utawa luwih kang digunakake kanthi cara nglebokake unsur basa siji marang basa liyane sing sajrone klausa sing padha.

- (16) Yen sepur **senja** wis katon teka
(PR. Pd 4. Gt 16)
(17) Jane ngaku-ngaku dulur jare ngaku-ngaku Dulur,
suwe-suwe **ada main**
(GG. Pd 2 Gt 8)
(18) Njur naik darah priyayine **marah-marah**,
Barang sing bener dianggep salah
(KRN. Pd 4 Gt 15)

Pethilan ing dhuwur nggunakake basa campuran yaiku basa Jawa-Indonesia, tembung-tembung kasebut ora ditemokake ing basa Jawa. Tembung kasebut bisa diterjemahake nanging umpama diterjemahake ndadekake lirik lagu kasebut ngurangi kaendahane lagu lan ndadekake cacah wanda ora kaya sing dikarepake. Kaya tembung *senja* ing basa Jawa bisa diganti sore, nanging panganggone tembung kasebut ora cocog karo makna kang dikarepake dening pangripta. Uga

ditemokake yaiku saka frasa *ada main* sajrone lagu kanthi irah-irahan *Gendhulak-gendhulik* yen ing basa Jawa diganti ana dolanan, makna lagu kasebut ora endah lan ora cocog marang lagu kasebut kamangka pangripta nggunakake basa Indonesia kanggo menahi unsur kaendahane lagu. Semana uga ing tembung pengulangan ing sajrone lagu kanthi irah-irahan *Koran* yaiku tembung *marah-marah* ing basa Jawa bisa diganti muring-muring nanging uga ora cocog menawa digunakake dening pangripta sajrone lagu kasebut.

Campuran Basa Jawa-Inggris

Wujud campur kode saka basa Jawa menyang basa Inggris uga ditemokake sajrone lagu Jawa anggitane Andjar Any. Wujud basa campuran Jawa-Inggris bisa ditegesi proses panganggone rong basa utawa luwih kanthi nglebokake unsur basa kasebut dadi saklausa. Wujud basa campuran basa Jawa-Inggris iki bisa disawang ana ing ngisor iki :

- (19) Jaman iki jamane **Imitasi**
Wiwit rambut nganti pucuking driji
(IMT. Pada 1. Gr 1-2)

Pethilan (19) lagu kanthi irah-irahan *Imitasi* ditemokake tembung campuran basa Jawa-Inggris yaiku tembung *Imitsai* sejatine asale saka tembung basa Inggris sing tegese ora asli utawa barang palsu utawa barang tiruwan. *Imitasi* asalae saka tembung *imitation* banjur diserap ing basa Indonesia lan digunakake sajrone lagu. Makna saka tembung kasebut yaiku ngandharake jaman saiki kang akeh bahan sing ora asli alias barang tiruan.

- (20) wong yen lagi gandrung, ra perduli mblesdhose
gunung
wong yen lagi naksir, ra perduli nyang perang
nuklir
(WS. Pada 1. Gr 1-2)

Pethilan ing dhuwur ditemokake wujud tembung kang mujudake wernane basa Jawa-Inggris kang diserap ing basa Jawa yaiku tinemu tembung *nuklir*, yen diterjemahake ing basa Jawa yaiku ana sesambungane marang *nukleus (fisika nuklir)* utawa sesambungan marang energi atom. Makna saka lagu kasebut yaiku nggambarake perang nuklir sing bakal anane bencana gedhe wujud perang nuklir, merga lagi naksir digambarake saka lagu kasebut ora perduli merga lagi kasmaran. Umpama makna saka basa Jawa digunakake pangripta marang lagu kasebut dadi ora endahe lagu nalika dinyayikake.

Wernane Basa Jawa-Arab

Wernane basa Jawa-Arab uga ditemokake ana sajrone lirik lagu jawa anggitane Andjar Any. Wernane basa iki minangka campuran basa Jawa lan basa Arab. Wujude basa Jawa-Arab bisa dideleng ana ing ngisor iki :

- (21) sogok lan suap salah langkah mlebu nyang bui
sogok lan suap lamun begja kanthonge isi

Jare sing tegel nganggep **halal** sarta maregi
(SGK. Pd 3 Gt 1)

Wujud basa Jawa-Arab ing dhuwur ditemokake ing tembung *halal*, basa kasebut kalebu tembung basa asing yaiku basa Arab. Tembung *halal* asale saka tembung *ḥalāl* basa Arab tegese yaiku samubarang kang dianggep becik lan diperbolehkan sajrone agama Islam kang lumrahe ana ing panganan kang becik. Nanging makna saka *halal* sajrone lirik lagu kasebut yaiku nggambarake jaman sing wis main sogok yaiku sakabehane dianggep *halal* kaya sogok lan suap. Tembung *halal* wis lumrah ditemokake marang pannuturan saben dina merga ana ing lebel panganan lan pangripta uga nggunakae tembung kasebut supaya nambahi ragam basa kang ndadekake lagu kasebut duweni makna kang trep.

Tembung Cekakan

Cekakan sajrone tembung nduweni tujuwan kanggo ngurangi kanthi sengaja wanda tembung kang digunakake panganggit kanthi tujuwan kanggo njangkepi cacahé wanda sajrone ukara. tujuwane uga kanggo nambahi unsur estetik sajrone lagu. Cekakan kang ditemokake ana ing panliten iki diperang dadi (1) akronim, (2) wacahan, (3) Garba lan (4) plutan.

Akronim

Akronim utawa pengakrinitan ing basa jawa yaiku satuwan lingual sing wujudé kanthi ngrimbag aksara, wanda, utawa bagiyane tembung saka rong tembung utawa luwih, kanthi ora ngowahi makna asline.

(22) **Interlokal** marang pacare, ati seneng sakpole
(TLP. Pd 1 Gt. 5)

Pethilan ing dhuwur wujud pengakroniman sajrone lagu jawa anggitane Andjar Any kanthi irah-irahan *Tilpun*, tembung sing ditemokake yaiku tembung *Interlokal*. Tembung kasebut kasusun saka rong tembung di rimbag dadi siji yaiku saka tembung (*Inter-* + *-lokal*) *Inter* diterjemahake ing basa Jawa yaiku ing antaraning *local* wujud tembung serapan saka basa Inggris kang tegese ana ing sajeroning panggon utawa ora rata. Saka pethilan ing dhuwur bisa ditegesake maknane yaiku tilpun interlokal marang sisihane mligine pacare lan agawe ati seneng. Pengakroniman duweni tujuwan kanggo nyuda utawa ngrimbag cacahé wanda supaya nambahi kaendahane lagu.

Tembung Wacahan

Tembung wacahan ing sajrone lagu basa jawa anggitane Andjar Any ditemokake ana ing ngisor iki :

(23) L: **Yu** mbakyu napa bener kandhamu
P : Mangga nyobi sithik wae
(GA. Pd 1 Gt 3)

Pethilan ing dhuwur ngandharake wujud cekakan tembung wacahan, kaya sing ditulis kandel yaiku *Yu*. Tembung kasebut kang asale saka *Mbak Ayu*.

Tembung Garba

Tembung garba ditemokake ana sajrone lirik lagu basa jawa anggitane Andjar Any. Wujudé tembung anyar kanthi cara nyawijiake rong pedhotan tembung tanpa ngowahi makna unsur-unsure, makna saka tembung anyar kasebut ora gabungan makna unsur-unsure.

(24) Janji janji aku eling cah ayu
Sumedhot **rasaning** ati
(YIT. Pd 2 Gt 2)

(25) Binarung **swaraning** ratri nimas
Ngenteni bulan ndadari
(YIT. Pd 4 Gt 2)

Pethilan (24) ditemokake wujud tembung cekakan garba sajrone lirik lagu kanthi irah-irahan *Yen Ing Tawang* yaiku tembung *Rasaning*, proses wujud saka tembung garba sajrone lagu kasebut saka rong tembung sing kabentuk merga anane nyawijikake tembung anyar lan ora nengnake teges saka unsur-unsure. Tembung *rasaning* sajrone lirik kasebut saka tembung *Rasa-* + *-aning* (*Rasa didalam*), tembung garba kasebut kena cekakan merga kanggo jangkepi cacahé wanda sajrone lirik lagu. Pangripta duweni tujuwan kanggo nyuda cacahé wanda merga nambahi kaendahane wujud ukara sajrone lagu kasebut lan kanggo nalika dinyanyikake bisa nambahi pangrasane pamireng merga teges lagu kasebut. Wujud tembung garba kang kaloro yaiku tembung *swaraning* kang ana sajrone lirik lagu *Yen Ing Tawang*, tembung *swaraning* kabentuk saka rong tembung yaiku *Swara-* + *-aning*, teges saka pedhotan kasebut yaiku kairing rasa sajrone ati sing lagi ngenteni tekane bulan (anak) wadon, merga makna saka lagu *Yen ing Tawang* iki ora duweni wujud katresnan nanging wujud pangripta kanggo ngenteni laire anake.

Tembung Plutan

Tembung plutan yaiku tembung sing diringkes supaya luwih rikat pangucapane. Lumrahe tembung sing nduweni rong wanda diringkes dadi sawanda. Tembung plutan lan tembung wacahan uga kerep dicekak kanggo ngepasake guru wilangan.

(26) Sawengi **tan** bisa nendra
Gawang-gawang katongton neng netra
(PR. Pd 1 Gt 1)

(27) Ning ing rasa **mung** sadhela
Lintange panjer rina
(PR. Pd 4 Gt 1)

Pethilan (26) ditemokake wujud cekakan yaiku ing tembung *tan* kang asale saka tembung datan. Teges saka pethilan ing dhuwur duweni tujuwan wewarah merga ing

wayah wengi ora bisa turu. Pethilan (27) ing dhuwur ditemokake wujud tembung cekakan kang ditiiki tembung plutan, ing lirik lagu (27) tembung kang nganggo cekakan yaiku *mung* asale saka tembung amung. Teges saka lirik kasebut yaiku njlenterhake warta kahanan lintang sing sedhela meruhine.

Panulise Vocal Basa Jawa

Panulise Vocal basa Jawa ing panliten iki kaperang dadi Vocal /ɔ /, vocal /i/, Vocal /u/, Vocal /e/, Vocal /o/, Vocal /ə/. ing ngisor iki asile panliten babagan jinis panulise Vocal sajrone lagu Jawa anggitane Andjar Any.

Vocal /a/

Miturut Sasangka (2011:3) vocal /ɔ / lumrahe sinebut swara a jejeg lan dumadi ana ing ngarep, tengah lan mburine tembung.

(28) Sawengi tan bisa nendra

Gawang-gawang katongton neng netra
(PR. Pd 1 Gt 1-2)

Pethilan (28) lirik lagu Jawa kanthi irah-irahan *Panjer Rina* kalebu nganggo vocal /ɔ /, merga paramastra Jawa ngandharake panulise swara utawa vocal /a/ jejeg katulis nganggo aksara a. Tembung kang ditemokake yaiku ana tembung *nendra*.

(29) Jangkrik upa saba neng paga

Mlumpat tengahing jogan
(JG. Pd 3 Gt 3-4)

Pethilan (29) lirik lagu kanthi irah-irahan *Jangkrik Genggong* ing dhuwur kalebu wujud panganggone basa nggunakake vocal /ɔ / kang katulis nganggo aksara a. Pethilan lirik lagu ing dhuwur nuduhake panyulisan vocal /a/ jejeg utawa swara [ɔ] yaiku an tembung *upa, saba, lan paga* tembung kasebut ana ing baosatra Jawa tegese ana ing ngisor iki :

Upa → Lasing-lasing sega

Saba → Sing kerep ditekani

Paga → Lincak sungsun-sungsun dienggo wadah abrag pawon

Tembung *upa* tinemu wujud panganggone vocal /a/ jejeg yaiku ana ing mburi tembung utawa ana ing pungkasane tembung, tembung *sabat* tinemu wujud panganggone basa vocal /a/ jejeg uga ana ing mburi tembung utawa pungkasane tembung kang mawa swara vocal /ɔ /, banjur tembung *pagat* tinemu wujud panganggone basa nganggo vocal /a/ jejeg mawa swara [ɔ] ana ing wanda kapisan lan wanda kaloro. Pangripta duweni tujuwan kanggo nambahi unsur estetis nalika diucapake utawa nalika dilagakake.

Vocal /u/

Vocal /u/ ing basa Jawa kaperang dadi swara [u] utawa /u/ jejeg lan swara [U] utawa swara /u/ ,miring. Cara nulis aksara [U] swara /u/ miring ditulis nganggo aksara /u/ ora nganggo aksara /o/ masiya swara [U]

memper marang swara /o/ . Wujud panganggone vocal /u/ sajrone lagu Jawa anggitane Andjar Any ana ing ngisor iki :

(30) Wus sumunar semunu ngalela

Aku wis ngantu-antu tenan
(PR. Pd 2 Gt 2-3)

Pethilan ing dhuwur ditemokake wujud panganggone basa nggunakake vocal /u/ jejeg ana ing (PR. Pd 2 Gt 2-3) yaiku akeh ditemokake vocal /u/ kang dominan sajrone lirik, kayata ana tembung *sumunar* nggunake vocal /u/ jejeg dumadi ana ing tengah tembung. Tembung *sumunar* sajrone kamus basa Jawa duweni teges sumarat/gumebyar.

Vocal /e/

Vocal /e/ sajrone basa Jawa diperang dadi loro, yaiku vocal /e/ lan /ɛ /. Vocal /e/ sinebut swara e jejeg lan /ɛ / sinebut e miring.

(31) Omah gendheng ya mas tak saponane

Abot entheng tak lakonane
(WK. Pd 2 Gt 1-2)

Sanajan nggunakae panganggone basa swara [ɛ] miring nanging tetep ditulis nganggo aksara /e/. Pethilan (31) ditemokake wujud panganggone basa nganggo swara /e/ dominan yaiku tembung *gedheg, saponane, entheng lan lakonane*. Tembung *gedheg* dumadi saka [ɛ] ing aksara mburi tembung, senajan ditulis nganggo aksara /e/ nanging pangucapane (Gedhe g) nganggo swara [ɛ] sinebut miring.

Konsonan

Konsonan iku ora bisa swara tanpa vocal, tanpa bisa muni tanpa anane vocal kang sumambung. Dianggep swara tanpa uni merga jalaran metu saka paru-paru banjur kawedhar sajrone tutuk kaaling-aling dening lambe, untu, ilat, cethak, lan uga gorokan.

Panulisan Aspirat

Konsonan ing basa Jawa kang kalebu swara anteb diarani swara aspirat (aspirata). Konsonan aspirat iku wujud swara [h] kang lumrahe ing swara anteb yaiku [b], [d], [D], [j], lan [g]. Kabehkonsonan anteb iki ing basa Jawa bakal kaucapake dadi [bh], [dh], [Dh], [jh], lan [gh]. Wujud panulisan aspirat sajrone lirik lagu Jawa anggitane Andjar Any bisa diandharake ing ngisor iki.

(32) thimak thimik **muga-muga** ra ditampik

(GG. Pd 4 Gt 4)

(33) **Sogok** wae oleh-oleh bakmi godhog,

(SGK. Pd 2 Gt 2)

(34) marang **mega** ing angkasa nimas

(YIT. Pd 1 Gt 3)

(35) **binarung** swaraning ratri nimas

(YIT. Pd 4 Gt 1)

- (36) Ibu dhahar kowe **bebas** leh main cipog
(SGK. Pd 2 Gt 3)

Pethilan ing dhuwur nuduhake wujud panulisane aspirat kang wujud swara anteb ing basa Jawa kang kaucap mawa kepanjangan swara aspirat. Wujud tembung kang ngemu panulisan aspirat yaiku tembung *muga*, *sogok*, *bebas*, *mega*, lan *binarung*. Tembung kasebut nggunakake panulisan aspirat kang kaucapake aksara /h/.

Muga	→	[Mugha]
Sogok	→	[sogho_]
Mega	→	[mgh]
Binarung	→	[bhinarung]
Bebas	→	[bhebas]

Panulisan Glotal lan Retofleks

Swara glotal kuwi swara ampag ing gorokan. Sing kalebu swara iki yaiku swara [ʔ] utawa aksara k ampag. Swara iki ora nate urip ing purwaning tembung, lan racake dumunung ing pungkasaning tembung. Swara Retofleks yaiku swara untu utawa sinebut apikopalatal. Kalebu retofleks yaiku swara anteb [t] utawa [d]. Kabeh swara untu bisa dumunung ing kawitan, tengah, lan pungkasan tembung, nanging retofleks [t] lan [d] iku mung dumunung ing ngarep lan tengah tembung, lan ora manggon ing pungkasan tembung.

- (37) kana kene jare wis **padha** wae
(IMT. Pd 3 Gt 4)
- (38) **dhadha** dhadhane dioperasi janji kerep banget
blenjani
(IMT. Kc 96 Pd 4 Gt 5)
- (39) kene tiwas nggagas awak **adhem** panas
(JG. Pd 3 Gt 5)

Pethilan ing dhuwur nuduhake anane wujud panulisan retofleks /dh/ yaiku ing tembung *padha*, *dhadha*, lan *adhem*. Panulisan retofleks kalebu swara untu. Swara untu bisa dumunung ing kawitan, tengah, lan pungkasan tembung, nanging retofleks [t] lan [d] iku mung dumunung ing ngarep lan tengah tembung, lan ora manggon ing pungkasan tembung. Kaya tembung ing dhuwur kabeh tembung kang ditemokake panulisan retofleks kang nggunakake aksara /dh/ dumunung ana ing tengah tembung.

Panulisan Mandaswara

Mandaswara iku swara manda-manda kang dumunung ing antarane vokal loro kang beda wujud lan unine. Sing kalebu mandaswara yaiku [y] lan [w]. Swara [y] bakal kaapit vokal /i/-/a/, lan /e/-/a/. Swara [w] bakal kaapit vokal /u/-/a/ lan /u/-/i/. Tembung kang kedunungan vokal loro kang beda wujud, ing antarane vokal loro mau mesthi kapanjangan mandaswara. Paugerane, mandaswara kang dumunung ana ing tembung lingga kasebut kudu tinulis, dene mandaswara kang ana ing tembung andhahan ora perlu katulis.

- (40) **luwih** becik omong kosong
(JG. Pd 2 Gt 3)
- (41) nadyan ra nduwe **dhuwit** direangi kredit-kredit
(WS. Pd 2 Gt 3)

Pethilan (40) tinemu anggane nulis tembung *luwih* ngemu tembung panulise mandaswara yaiku ing antarane aksara [w] diseseli aksara /u/ lan akasara /i/. Pethilan (41) tinemu wujud panulisan mandaswara yaiku ing tembung *dhuwit* swara [w] kudu diseseli aksara /u/ lan akasara /i/.

Swara Hamzah

Kajaba mandaswara isih ana maneh swara kang mbingungake, yaiku swara hamzah. Swara hamzah iku swara [h] kang kaucapake manda-manda. Ing basa Jawa swara [h] ora perlu katulis, nanging ing basa Indonesia swara iki malah kudu tinulis. Paugeran ing swara hamzah yakuwi swara [h] ing tembung lingga kang kaapit vokal loro sing beda unine, ora perlu katulisake. Ing ngisor iki bakal diadharake wujud swara hamzah sajrone lirik lagu Jawa anggitane Andjar Any.

- (42) Kembang jambu kembang jambu
sakdhompol **cacahe** telu/wolu
(GG. Pd 4 Gt 2)
- (43) Plop plop amplop amplop, nggawa utang sak
keh **akehe**
(AMPL. Pd 3 Gt 4)

Pethilan ing dhuwur nuduhake wujud swara hamzah sajrone lirik lagu Jawa anggitane Andjar Any. Tembung kang tinemu nggunakake swara hamzah yaiku ana ing tembung *cacahe*, *pait*, lan *akehe*. Tembung *cacahe* lan tembung *akehe* tembung lingga kang wekasane wujud aksara [h] lan tembung iku diuwuhi panambang [-e], swara [h] ing tembung kuwi ora ilang utawa ora luluh, nadyan pocapane swara iku kaya-kaya ilang, ing panulisan, swara [h] mangkono mau kudu tetep ditulis. Andharane kaya ing ngisor iki :

Cacah + [-e]	→	cacahe
Akeh + [-e]	→	akehe

Parikan

Parikan diperang dadi loro yaiku parikan *tunggal* lan parikan *rangkep* Parikan *tunggal* kaususun saka 2 gatra, gatra kapisan yaiku purwaka lan gatra kaloro diarani wose (isi). Parikan *ganda* kaususun saka 4 gatra, rong gatra kapisan diarani purwaka lan rong gatra kaloro diarani wose (isi). Miturut Padmoesokotjo (1956;14) parikan diperang dadi 3 miturut cacahing wanda yaiku (1) parikan kang kadadeyan saka (4 wanda + 4 wanda) x 2, (2) parikan kang kadadeyan saka (4 wanda + 8 wanda) x 2, lan (3) parikan kang kadadeyan saka (8 wanda + 8 wanda) x 2.

- (44) jangkrk genggong, jangkrik genggong
4 4
- Wani nglirik, sepi uwong
4 4

(JG. Pd 4 Gt 2)

Parikan (117) ing dhuwur kasusun saka rong gatra, gatra kapisan purwaka lan garta kaloro yaiku wose (isi). Gatra kapisan diperang dadi loro yaiku purwaka *Jangkrik genggong* cacahé 4 wanda lan *jangkrik genggong* uga cacahé 4 wanda. Wose saka parikan ing dhuwur yaiku *wani nglirik* cacahé 4 wanda lan *sepi uwong* uga cacahé 4 wanda. Gunane purwaka (ukuran kapisan) yaiku kanggo narik kawigatené wong kang nedya dikandhani utawa dipituturi. Supaya ing sadurunge ukara kang isi utawa “wosé” dikandhakake, wong sing nedya dikandhani wis katarik atine, banjur nggatekake lan bisa ngerti teges marang maksud saka sajrone wose (ukara kapindho) kasebut. Susunan wanda saka parikan kasebut yaiku (4 wanda + 4 wanda, 4 wanda + 4 wanda). Parikan ing dhuwur kalebu panemune Padmoesoekotja kang ngandhaarke parikan diperang dadi telu miturut cacahé wanda yaiku (4 wanda + 4 wanda x 2), (4 wanda + 8 wanda x 2), lan (8 wanda + 8 wanda x 2). Parikan ing dhuwur cocog marang panemune padmoesoekotja merga cacahé wanda sajrone parikan kasebut yaiku (4 wanda + 4 wanda x 2).

Parikan Rangkep

Parikan rangkep yaiku kasusun saka 4 gatra, rong gatra kapisan yaiku purwaka lan rong gatra kaloro yaiku wose (isi). Parikan diperang dadi telu miturut cacahé wanda yaiku (4 wanda + 4 wanda x 2), (4 wanda + 8 wanda x 2), lan (8 wanda + 8 wanda x 2).

(45) Lelene mati digepuk

8

Digepuk kanggo welasane

9

Suwi ora pethuk, Ati sida remuk

12

Kepethuk mung swarane

7

(JG. Pd 1 Gt 4-6)

Parikan ing dhuwur kasusun saka 4 gatra, gatra kapisan lan kaloro diarani purwaka. Gatra katelu lan kapapat yaiku wose (isi). Saben gatra kaperang dadi loro, ing perangan purwaka gatra kapisan yaiku *lelene mati digepuk* cacahé 8 wanda lan gatra kaloro yaiku *digepuk kanggo welasane* cacahé 9 wanda. Gatra katelu wose yaiku *suwi ora pethuk ati sida remuk* cacahé 12 wanda lan gatra kapapat wose yaiku *kepethuk mung swarane* cacahé 7 wanda. Susunan wanda saka parikan kasebut yaiku (8 wanda + 9 wanda, 12 wanda + 7 wanda). Parikan ing dhuwur ora nglungguhi paugeran panemune Padmoesoekotja kang ngandharake parikan diperang dadi telu miturut cacahé wanda, yaiku (4 wanda + 4 wanda x 2), (4 wanda + 8 wanda x 2), lan (8 wanda + 8 wanda x 2). Dideleng saka panemune Padmoesoekotja parikan kasebut ora ana sing cocog marang perangan kasebut. Alesan saka parikan kang ora nglungguhi paugeran kasebut yaiku pangripta nulis lagu kasebut merga diselarasake marang dong dinge swara lan titi laras saka

lagu kasebut, mula parikan kasebut ora cocog saka paugeran.

Alih kode

Alih kode ora mung malihe ragam siji lan sijine nanging alih kode ngowahi malihe ragam basa liyane, uga malihe dialek lan uga ragam lelewane basa sajrone berbahasa. Alih kode uga diarani malihe rong basa utawa luwih. Ana loro sing dadi titikane alih kode yaiku (1) sawijining basa isih disengkuyung marang fungsine kanggo piranti komunikasi kang trep marang konteks lan fungsine, (2) fungsi basa diselarasake marang kahanan kang relevan uga konteks kang malih. Alih kode kaperang dadi loro yaiku (1) alih kode intern, lan (2) alih kode ekstern.

Alih Kode Intern

Alih kode intern kadadayan saka basane dhewe. Kayadene basa Ngoko menyang basa Krama, uga bisa wujud varian basa utawa wujud basa sajrone basane dhewe. Sajrone lirik lagu Jawa anggitane Andjar Any tinemu wujud alih kode ngoko-krama lan krama-ngoko.

(46) eh/ah nganyelake, durung-durung wis werna werna

kersane

(GMS. Pd 1 Gt 4)

(47) Yu mbak yu tak borong kabeh wae

Mangga mesthi tak **caosne**

(GA. Pd 3 Gt 3)

Pethilan (46), lan (47) nuduhake anane alih kode saka ragam ngoko menyang ragan krama. Pethilan (46) lirik lagu kanthi irah-irahan *Gemes* nuduhake wujud ragam ngoko-krama ana perangane tembung *kersane* kang dumadi saka ukara *eh/ah nganyelake, durung-durung wis werna werna kersane*. Tembung *kersane* wujud krama ing ukara kasebut merga pangripta nguwasani ragam basa kasebut lan supaya ngalusake anane guneman sajrone lirik lagu. merga mitra tutur kang ditegesi pawongan kang isih diajeni. Pethilan (47) lirik lagu kanthi irah-irahan Gudheg Ayu ditemoake wujud alih kode ngoko-krama ana ing ukara *Mangga mesthi tak caosne*, tembung kang tinemu yaiku tembung *caosne*. Anane alih kode sajrone lirik lagu yaiku wujud basa krama sajrone lirik kasebut kanggo ngalusake basa merga kang diajak guneman sajrone lagu ditegesi wong kang diajeni.

Alih Kode Ekstren

Alih kode ekstern dumadi saka kadadayan ing basane dhewe marang basa asing. Kayadene basa Jawa marang basa Inggris lan basa Jawa marang basa Arab.

(48) jare ngaku-ngaku dulur jare ngaku-ngaku dulur,
suwe-suwe **ada main**
(GG. Pd 2 Gt 3)

wujud alih kode basa Jawa menyang basa Indonesia kayata ana ing sajrone lirik lagu kanthi irah-irahan *Gendhulak-gendhulik* tembung kang ditemoake sajrone lirik lagu kasebut yaiku tembung *ada main*, tembung ada

main miangka tembung basa Indonesia ing basa Jawa tegese ana dolan. Tembung basa Jawa ana dolan ora trep yen dilebokake marang lirik lagu kasebut merga ora trep. Pangripta nulis kanthi nganggo tembung basa Indonesia kanggo njanggepi wanda lan teges kang trep kanggo lagu kasebut.

- (49) jare sing tegel nganggep **halal** sarta maregi (SGK. Pd 3 Gt 1)

Pethilan ing dhuwur nuduhake wujud alih kode basa Jawa menyang basa Arab. Perangane basa kasebut ana ing tembung *halal* kang dumadi saka basa Arab. Pangripta nulis lirik lagu ora mung sawetara nggunakake basa sing biasa utawa lumrah ana ing basa sabendina nanging pangripta uga kanthi sengaja nambahi ragam basa kang dikuwasi pangripta kanggo nambahi ragam basa sarta nambahi kaendahahane lagu.

Campur Kode

Campur kode bisa ditegesi yaiku proses panganggone rong basa utawa luwih kanthi cara ngleboake unsur basa siji menyang basa liyane dadi saklausa, sajrone wewatesan tembung utawa klausa. Alesan nyampur perangan unsur sajrone basa merga pengin nuwuhake situwasi sing santai sahingga tuturan diucapake kanthi ora ana beban. Campur kode digunakake sawetawis ana ing sajrone unsur *leksikon* yaiku tembung utawa frase. Adhedasar saka anane sumbangan utawa kontribusi, campur kode diperang dadi loro yaiku (1) campur kode positif, duwene sipat sing integatif (*menguntungkan*) lan (2) campur kode negatif, sipate interferensif (*merugikan*).

Campur Kode Positif

Campur kode positif yaiku panganggone basa liya kang dumadi saka apa anane basa kasebut tanpa nambahi utawa ngurangi merga ora ana padhanan kan trep kanggo ngowahi basa kasebut. Anane njupuk basa liya utawa ragam basa liya iku sipate nyugihake basane. Sipat saka campur kode iki yaiku positif utawa *integratif* tegese manguntungkan marang sumbangan wernane basa.

- (50) ya mbuh ya aku dhewe ora ngerti,
ya mbuh ya takonana marang **redaksi**
(KRN. Pd 2 Pd 2)
- (51) paling menarik berita saka pedesan
sangsaya maju nindakake **pembangunan**
(KRN. Pd 3 Gt 1)

Pethilan (50) lan (51) sajrone lirik lagu Jawa anggitane Andjar Any ditemokake wujud campur kode basa Jawa menyang Basa Indonesia kang kanthi irah-irahan *Koran*. Pethilan () wujud campur kode basa Jawa menyang basa Indonesia ing tembung *redaksi*. Redaksi yaiku instansi sing duwene tanggungjawab marang warta kang bakal disebarake yaiku wiwitane ngolah warta, ngedit nganti terbite warta kasebut lumantar ariwanti, klawarti utawa ana ing medhia elektronik. Mula pangripta nggunakake tembung redaksi kanggo nulis lagu merga ora cocog yen nggunakake teges tembung kang

wis jlentrehna saka tembung redaksi mau lan sakrone basa Jawa uga ora ditemokake wujud basa kang padha marang tembung *redaksi*. Pethilan () uga tinemu wujud campur kode basa Jawa menyang basa Indonesia yaiku tembung *pembangunan*. Tembung pembangunan duwene teges proses kang ngdhegake utawa nggawe bangunan. Campur kode ing guritan kasebut dienggo kanthi alesan sing trep, merga ora ana padhanan tembung sing cocog karo tetembungan kasebut.

Campur Kode Negatif

Campur kode negatif yaiku njupuk lan nggawe basa liya, nanging sajrone basa sing digawe isih ana unsur tembung kang padha, *produktif* lan *representatif*. Campur kode negatif sipate *interferensif* yaiku nyampurake marang perangane unsur basa sing sipate ngrugekake. Wujud kasebut dirasa negatif merga ana sesambungane marang pangrembakakne basa.

- (52) sogok wae oleh-oleh bakmie godhoh,
Ibu dhahar kowe leh maen **cipog**
(SGK. Pd 2 Gt 6)

Pethilan ing dhuwur nuduhake wujud campur kode sipate negatif sajrone basa Jawa. Ragam dialek kasebut yaiku tembung *cipog*. Campur kode kasebut disengaja ditulis marang pangripta lan mesthi mangerteni padhanane sajrone basa Jawa nanging pangripta nulis kanggo nambahi kaendahahane lagu. Tembung kasebut wujud campur kode kang sipate negatif merga ing basa Jawa duwene padhanan liya yaiku *ambung*. Tembung kasebut duwene tembung kang padha lan tuwuh representatif.

- (53) yen sepur **senja** wis katon teka
(PR. Pd 4 Gt 4)
- (54) paling gela paling lara, isi layang panggilan,
merga konangan leh main **curang**
(AMPL. Pd 3 Gt 6)

Pethilan ing dhuwur nuduhake wujud campur kode negatif basa Jawa menyang basa Indonesia sajrone lirik lagu Jawa kang ditemokake yaiku tembung *senja*. Tembung *senja* ing basa Jawa tegese surup. Tembung kasebut duwene sipat negatif merga nduweni tembung kang padha lan tuwuh *representatif*. Pethilan (54) kang nuduhake tembung basa Indonesia yaiku tembung *curang*. Tembung kasebut duwene sipat negatif merga nduweni tembung kang padha lan tuwuh *representatif*. Tembung *curang* kasebut bisa diganti ing basa Jawa kanthi tembung urik.

Wernane Basa Rinengga

Basa rinengga digunakake dening pangripta kanthi duwene ancas supaya tembung-tembung sajrone lagu Jawa karacik kanthi endah lan mentes maknane. Endahing karangane pangripta kasawung sarana isi kang narik kawigaten lan nyenengake, sarta basa kang edi peni. Edi pening basa warna-warna, lan katon manawa

diucapake. Panliten iki ngemu wujud tembung entar, paribasan, bebasan, saloko, wangsalan, pepindhan, sanepa, lan candra.

Tembung entar tembung sing ora padha marang tembung sing tegese sakawit. Tegese ora satemene utawa ora sabenere. Ing ngisor iki wujud asil saka panliten kan wujud pethilan sing ditemokake ana sajrone lagu jawa anggitane Andjar Any :

- (55) **lintang-lintang ngiwi-iwi** nimas,
tresnaku sundul wiyati
(YIT. Pd 2 Gt4)

Pethilan ing dhuwur sajrone lagu jawa anggitane Andjar Any nduweni teges entar. Merga saka panganggone tembung *lintang-lintang ngiwi-iwi* kang digunakae kanggo ngambarake kahanan lintang sing mabur ing angkasa. Tembung ngiwi-iwi lumrahe digunakake marang samubarang sing duweni tangan kayadene manungsa, nanging ing lirik lagu kasebut digambarake lintang ngiwi-iwi utawa ngawe-awe. Pangripta nduweni maksud yaiku ngambarake nalika kuwi wong kang lagi ngrerindu marang wong liya lan nggambarake katongton menawa lintang bisa ngiwi-iwi, merga kanggo nambahi kaendahan lagu banjur pangripta nganggo vocal (i) kanggo ngtrepake wanda pungkasan.

- (56) Binarung swaraning ratri
Ngenteni bulan ndadari
(YIT. Pd 4 Gt 1-2)

Pethilan (56) ing dhuwur ditemokake wujud tembung bebasan yaiku ing ukara *ngenteni bulan ndadari*, wujud kasebut ngemu tembung bebasan merga teges kasebut surasa pepindhan lan sing dipindhake yaiku kaanan. Sing dimaksud yaiku ngenteni samubarang sing ora bakal ana mula dipindhakake marang ngenteni bulan. Bulan yaiku tembung aran sing wujud mati. Bulan ndadari ditegesake padhang bulan sing metune ora saben tanggal 14 utawa tanggal 15 ing tanggalan lunar, mula pangripta nggambarake teges utawa makna lagu kasebut lumantar ngenteni bulan ndadari.

- (57) Upama sliramu sekar melathi
Aku kumbang **nyidham sari**
(NS. Pd 1 Gt 1-2)

Pethilan (57) lirik lagu kanthi irah-irahan *Nyidham sari* ditemokake wujud teges saroja yaiku ing irah-irahan sajrone lirik lagu *Nyidham Sari*, tembung kasebut rinakit saka rong tembung kang duweni teges meh padha tegese kang bisa nuwuhake makna sing luwih teges. Tembung *nyidham* sajrone kamus basa Jawa duweni teges kumudu (kepingin banget) lumrahe diteomake marang wong ngandhut yaiku *nyidham* who-wohan lan sapanunggalane. Nanging teges *nyidham* sajrone lirik lagu *Nyidham sari* yaiku duweni kecarepan utawa duweni kepinginan marang samubarang wujud rasa pangrasa marang manungsa yaiku *Sari*. Tembung *sari* sajrone kamus basa Jawa yaiku endah utawa kembang, dadi teges saka tembung *Nyidham Sari* yaiku

pepinginan marang samubarang kang tuwuh saka rasa pangrasane manungsa nanging sing dipingini yaiku kembang kang ditegesake wong wadon. Kembang dipindhakake wong wadon sing wujud endah. Mula pangripta nulis lagu kasebut kanthi cara sengaja nuwuhake tembung-tembung sing duweni makna utawa teges kan endah supaya lagu kang diripta duweni teges sing luwih.

- (58) yen ngetan bali ngulon
tiwas ngedan ra kelakon
(JG. Pd 5 Gt 2)

Pethilan saka lirik lagu kanthi irah-irahn *Jangkrik Genggong* ngemu teges wangsalan yaiku ana ing wujud unen-unen *tiwas ngedan ra kelakon*. Wangsalan wujud unen-unen cangkriman nanging dibatang dhewe. Wujud wangsalan ing dhuwur tegese yaiku

Tiwas ngedan → Wis nglakoni tumindak kanggo nggayuh samubarang

Ra kelakon → Usahane ora ana kasile

Dadi, teges kang dikarepake marang pangripta yaiku usaha utawa tumindhak marang kecarepan sing dipingini nanging tumindhake ora ana kasile lan ora ana paedah mung dadi kesele awak. Pangripta sengaja nyeselake wujud basa rinengga sajrone lagu kanggo nambahi kaendahan teges lagu, ora mung kaendahan uga nambahi wernane basa sajrone lagu.

- (59) **Prasasat kaya sewindu**
Ngantu-antu ngenteni tekamu
(PR. Pd 3 Gt 1-2)

Pethilan (59) lirik lagu kanthi irah-irahan *Panjer Rina* ditemokake teges pepindhan, merga titikan saka teges pepindhan ing dhuwur yaiku nganggo tembung kaya. Unen-unen kang ditemokake yaiku *parasasat kaya sewindu* unen-unen kaebut ngemu surasa kang ora sejatine. Prasasat sajrone kams basa Jawa tegese sasat yaiku wektu kang ditindhakake mung sedhela. Sewindu sajrone kamus basa Jawa tegese petungane wektu sing lawasae 8 taun. Dadi, teges kang dikarepakake dening pangripta saka pethilan kasebut yaiku kang dipindhakake yaiku wektu kang petungane mung sedhela disurasa kaya dene sewindu kang petungane 8 taun. Mula unen-unen kasebut ngemu teges kang ora sabenere yaiku ngemu teges tembung rinengga teges pepindhan.

- (60) Bujang maneh ya mas ora ngeluyura
Sing wis nduwe putu ora tau mulih
(WK. Pd 2 Gt 3)

Pethilan (60) ing dhuwur ditemokake wujud basa rinengga kang ngemu sanepa. Unen-unen kang ngemu teges sanepa yaiku ana ing pethilan dhuwur *bujang maneh ya mas ora ngeluyura* unen-unen kasebut wujud pepindhan kang tegese nyemoni nanging maknane kosokbalen. Tembung *bujang* sajrone kamus basa Jawa tegese isih jejaka. Teges pepindhan ing dhuwur didhasari saka anane jlentrehan *sing nduwe putu ora tau mulih*,

mula makna kang dimaksud yaiku nyemoni wong sing wis tuwa ora tau mulih kayadene wong sing isih bujang isih jejeaka durung omah-omah kang lumrahe nggambarake pawongan sing ora duwe pangiket kayadene wong sing omah-omah kang mligine sing dimaksud yaiku wong tuwa kang wis duwe putu, dadi makna saka pethilan ig dhuwur kang ngemu kosokbalen kang ngemu teges pepindhan.

- (62) enthiitt I I itt
 sing nandur pari kuwi sapa enthiit
 Enthiitt I I it
 Sing nandur jagung gedhe gedhe kae sapa enthit
 Sing nandur aku ya wuk ya
 Peken kabeh ya wuk ya
 Sing nandur nandur aku ya wuk ya
 Peken peken kabeh ya wuk ya
 Angger diijoli
 (ENT, Pd 2-3)

Pethilan lirik lagu kanthi irah-irahan *Enthit* ing dhuwur ditemokake teges candra. Teges candra kang dimaksud yaiku nyandra kahanan kang ana ing sawah. Anane tembung pari lan jagung mujudake tanduran kang ana ing sawah utawa tegalan. Makna candra saka pethilan ing dhuwur ngenani kahanan tandurang ing sawah kang wohe sing gedhe-gedhe kaya dene tanduran jagung. Teges lirik lagu kanthi irah-irahan *Enthit* iki dicritakake ngenani Panji Asmarabangun malih kanthi wujud *Enthit* kang wujud dadi tani lan nandur pari sarta jagung sing wohe gedhe.

PANUTUP

Dudutan

Adhedhasar perkara-perkara lan bab-bab kang wis diandharake ing nduwur mula bisa dijupuk dudutan kaya mangkene. Asile panliten ikiyaiku wernane basa kang dienggo arupa: (1) wernanebasa ngoko, (2) wernane basa krama, lan (3) wernanebasa dialek, (4) wernane basa Jawa-Indonesia, (5) wernane basa Jawa-inggris, lan (6) wernane basa Jawa-Arab.

Tembung cekakan sajrone tembung nduweni tujuwan kanggo ngurangi kanthi sengaja wanda tembung kang digunakake panganggit, kanthi tujuwan kanggo njangkepi cacahé wanda sajrone ukara. Wujud pemendekan sajrone lirik lagu Jawa anggitane Andjar Any yaiku akronim, wacahan, garba, lan plutan. Tembung among dadi ‘mung’, tembung ora dadi ‘ra’ tembung aja dadi ‘ja’, frasa *tanam mundur* dadi ‘nandur’. Panganggone basa wujud vocal lan konsonan yaiku bab fonologi lan morfologi, Panganggone basa perangan fonologis wujud ejaan basa Jawa mawa aksara latin kaperang dadi nulis vokal lan konsonan, kang akeh dilakoni yaiku wujud .o / kang kudu ditulis nganggo akasara /a/, vocal /i/ dadi swara [i] utawa sawara [i] jejeg lan [I] swara /i/ miring kang memper swara [e] kudu ditulis aksara /i/. vocal /u/ kaperang dadi swara [u] jejeg lan swara [u] miring kudune ditulis nganggo aksara /u/ masiya swarane memper aksara /o/. vocal /e/ diperang dadi [e] lan [ε]. Vocal [e] swara jejeg lan [ε] swara e jejeg kang kududne ditulis nganggo aksara /e/. Panulisan

saka anane panambang sajrone Konsonan bisa narik kawigaten kanggo diteliti yaiku ing sajrone panulisan hamzah yaiku panulisan panambang {-e} sajrone tembung lingga kang wekasane wujud aksara [h] lan tembung iku diuwuwi panambang, swara [h] ing tembung kuwi ora ilang utawa ora luluh.

Alih kode Sajrone lirik lagu Jawa anggitane Andjar Anydiperang dadi loro yaiku alih basa intern lan ekstern. Alih kode intern kaperang dadi ragam ngoko tumuju ragam krama, lan ragam krama menyang ragam ngoko. Dene alih kode ekstern kaang tinemu yaiku malihe basa saka basa Jawa menyang basa Indonesia, lan malihe basa saka basa Jawa menyang basa Arab. Tujuwan anane alih kode yaiku nuduhake kanggo nuwuhake unsur wernane basa, lan kanggo kaendahan sajrone lagu. campur kode kaperang dadi campur kode positif yaiku campur kode basa Jawa-Basa Indonesia, campur kode ragam basa Indonesia-basa Jawa, campur kode ragam basa Jawa-basa Arab-basa Jawa, campur kode basa Jawa-basa Inggris, campur kode ragam basa ngoko-dialek, lan campur kode basa Jawa-basa Indonesia-basa Jawa. Wujud capur kode negatif yaiku campur kode ragam ngoko-krama, ragam krama-ngoko, basa Jawa- ragam dialek, ragam Jawa-basa Indonesia, basa Jawa- basa Indonesia-basa Jawa. wujud kang paling tumingal yaiku campur basa Jawa- Indonesia lan Jawa dialek kang asipat campur kode negatif.

Wujud basa Rinengga sajrone lirik lagu Jawa anggitane Andjar Any tinemu anane wujud entar, bebasan, saroja, wangsalan, pepindhan, sanepa, lan candra. Akeh-akehe wujud basa rinengga sajrone lirik lagu Jawa anggitane Andjar Any yaiku ngemu pepindhan sing wujud mindhakake kahanan pawongan marang kahanan sing ora sejati.

Pamrayoga

Panliten kanthi irah-irahan *Variasi Basa Sajrone Lagu Jawa Anggitane Andjar Any* iki isih adoh saka tembung sampurna. Panyaru kang asipat mangun supaya panliten sabanjure bisa luwih apik. Panliti kepingin menenhi pamrayoga marang panliten sabanjure ngenai panliti ora mung niti ragam basa nanging uga wujud panganggone basa sing trep lan ora salah kaprah, merga basa salah kaprah ora trep bisa ngrusak paugeran saka basa kasebut. Panliti uga kepingin panliten sabanjure ora ngrembug panganggone basa sajrone lagu Jawa saka pangripta anyar ing jagade sastra Jawa.

KAPUSTAKAN

- Al-Ma'ruf, Ali Imron. 2009. *Stlistika*. Surakarta: Cakra Books Solo.
- Aminuddin. 2013. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algesindo
- Basir, Udjang pairin. 2002. *Sosiolinguistik Pendekatan Kajian Bahasa Lisan*. University Press UNESA
- Basir, Udjang pairin. 2002. *Sosiolinguistik Pengantar Kajian Tindak Berbahasa*. Surabaya : UNESA

- Basir, Udjang pairin. 2010. *Sosiolinguistik, Pengantar Kajian Tindak Berbahasa, konsep teori, model pendekatan & fakta bahasa*. Surabaya: Bintang
- Chaer, Abdul. 2004. *Sosiolinguistik Suatu Pengantar*. Jakarta: PT. Rineka Cipta
- Chaer, Abdul. 1994. *Linguistik Umum*. Jakarta : PT. Rineka Cipta
- Chaer, Abdul & Leoni Agustina. 1995. *Sosiolinguistik Perkenalan Awal*. Jakarta: Balai Pustaka
- Departemen Pendidikan dan Kebudayaan RI.1996. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1975. *Telaah Kesusastraan Jawa Modern*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Jannah, Muflikhul. 2016. *Implikatur Sajrone Lagu Jawa Riptane Andjar Ani*. Skripsi yang tidak dipublikasikan
- Jamalus. 1988. *Pengajaran Musik Melalui Pengalaman Musik*. Jakarta P2LPTK
- Keraf, Gorys. 2010. *Diksi dan Gaya Bahasa*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Moleong, Lexy J. 2005. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung
- Nurgiyantoro, Burhan. 2010. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Pers.
- Padmosoekotjo, S.1953. *Ngengrengan Kasusastran Djawa I*. Jogjakarta: Hien Hoo Ing
- Padmosoekotjo, S. 1956. *Ngrengngreng Kasusastran Djawa djilid II*. Yogyakarta : Hien Hoo Ing
- Padmosoekotjo, S. 1986. *Paramasastra Jawa*. Surabaya: PT. Citra jaya Murti.
- Pradopo, Rachmat Djoko. 2010. *Pengkajian Puisi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Pers.
- Prawirodisastro, Sadjiyo. 1976. *Pengantar Seni Tembang I*. Yogyakarta: Percetakan Pasai.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2013. *Stilistika, Kajian Puitika Bahasa, Sastra, dan Budaya*. Yogyakarta:Pustaka Pelajar
- Sasangka, sry satria catur wisnu. 2011. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua
- Soebagyo. 1992. *Parikan Jawa Puisi Abadi*. Yogyakarta: Garda Pustaka
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana UniversityPress 154.
- Tarigan, Henry Guntur. 1986. *Menulis Sebagai Suatu Ketrampilan Berbahasa*. Bandung : Angkasa
- Verhaar, J.W.M. 2004. *Asas-asas Linguistik Umum*. Yogyakarta : Gadjah Mada University Press
- Wedhawati, dkk. 2006. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir*. Yogyakarta: Kanisius
- _____.
- <http://id.m.wikipedia.org/wiki/RagamBahasa>.
Dideleng tanggal 8 februari 2017
- <http://infobimo.blogspot.co.id/2013/11/macam-varian-dialek-dialek-bahasa-jawa.html>.
Dideleng tanggal 4 Juli 2017